दिन–शुक्रवार दिनांक–24.07.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

संसद मे आई पाँचम दिन सेहो हल्ला–गुल्लाक कारण लोकसभाक कार्यवाही सोमदिन भोर एगारह बजे धरि लेल स्थगित कऽ देल गेल। स्थगन सँ पहिने कार्यवाहीक बिच संसदीय कार्य मंत्री किरेन रिजिजू जनौलनि जे सरकार पहिल दिन सँ नीट पेपर लीक मामिला पर चर्चा लेल तैयार अछि। ओ जनौलनि जे कांग्रेसक किछु शर्तक कारण चर्चा आगू नहि बढ़ि सकल। ओ जनौलनि जे सभ सदस्य लोकनिक मंशा छनि जे एहि मुद्दा पर सार्थक चर्चा होयबाक चाही। श्री रिजिजू जनौलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी देश के भरोसा देने छथि जे पेपर लीक पर कड़गर कानून बनाओल जायत।

---

केन्द्रीय स्वास्थ्य मंत्री जे.पी. नड्डा आओर मंत्री जितेन्द्र सिंह आ सीजेपीक प्रतिनिधि सभक बिच नव दिल्ली मे दोसर दौरक गपशप संपन्न भऽ गेल। बैसारक बाद संवाददाता सभ सँ गपशप मे भाजपाक वरिष्ठ नेता जे.पी.नड्डा जनौलनि जे गपशप ढंग सँ भेल अछि। ओ जनौलनि जे गपशप काल्हि सेहो होयत।

---

केंद्रीय मंत्री गिरिराज सिंह विपक्षी दल सभ पर नीट पेपर लीक मामिला पर राजनीति करबाक आरोप लगौलनि अछि। श्री सिंह संसद सँ बाहर पत्रकार सभ सँ गपशप मे जनौलनि जे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी स्वयं एहि मामिला पर बच्चा सभक संग ठाढ़ छथि। ओ जनौलनि जे पेपर लीक जेहेन घटना सभ के रोकबा लेल कड़गर कानून बनाओल जा रहल अछि।

---

नीट पेपर लीक मामिला के लऽकऽ प्रदेश मे भऽ रहल विरोध प्रदर्शन आ कानून व्यवस्थाक स्थितिक समीक्षा लेल मुख्य सचिव प्रत्यय अमृतक अध्यक्षता मे बैसक आयोजित कयल गेल। बैसार मे अधिकारी सभ के छात्र सभक प्रति संवेदनशील रवैया अपनायब, संवादक माध्यम सँ स्थिति के बढ़ियां सँ संभारब आओर बल प्रयोग के अंतिम विकल्प राखबाक लेल जनाओल गेल अछि। मुख्य सचिव जिला मे प्रशासन आ पुलिसक बिच निक

संबंध बना कऽ राखैत, अफवाह पर शीघ्रहि खंडन करबाक लेल सेहो जनौलनि। ओ जनौलनि जे राज्य सरकार स्थिति पर सदिखन नजरि रखने अछि आओर कानून तोड़यबला सभक खिलाफ कड़गर कारबाई कयल जायत। वीडियो कॉन्फ्रेंसक माध्यम सँ भेल एहि बैसक मे पुलिस महानिदेशक विनय कुमार, पुलिस महानिदेशक (अभियान) कुंदन कृष्णन सहित सभ जिलाक जिलाधिकारी, पुलिस उप–महानिरीक्षक आ पुलिस अधीक्षक सभ छलाह। एहि बिच पुलिस महानिदेशक विनय कुमार कोचिंग संस्थान सभ पर निगरानी राखब, सभ जिला मे दंगा नियंत्रण उपकरण आ बेसी सँ बेसी संख्या मे पुलिस बलक तैनाती करबाक लेल जनौलनि।

---

विधानमंडलक मानसून सत्रक आइ अंतिम दिन कतेको विधायी काज सभ निपटाओल गेल। विधान परिषद मे सरकारी इंजीनियरिंग कॉलेज मे शिक्षकक कमि, बुनियादी सुविधाक अभाव आओर एन.बी.एक मान्यताक मुद्दा उठाओल गेल। प्रश्नकालक दरमियान विधान पार्षद सौरभ कुमार आ महेश्वर सिंह आरोप लगौलनि जे राज्यक बेसी सरकारी इंजीनियरिंग कॉलेजक बीटेक कार्यक्रम के एन.बी.एक मान्यता नहि भेटल अछि। प्रश्नक जवाब मे सूचना प्रौद्योगिकी मंत्री शीला मंडल जनौलनि जे एगारह कॉलेज लेल मान्यताक प्रक्रिया शुरू कऽ देल गेल अछि। एम्हर, विधानसभा मे रजौली विधायक विमल राजवंशी ध्यानाकर्षण प्रस्तावक मध्य जन वितरण प्रणालिक माध्यम सँ लाभुक सभ के खराब गुणवत्ताबला खाद्यान्न देबाक मामिला उठौलनि। श्री राजवंशी सरकार सँ पूरा मामिलाक उच्च स्तरीय जाँचक माँग कयलनि।

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आइ उत्कृष्ट खिलाड़ी सभ के मेडल लाओ, नौकरी पाओ योजना मे उन्नीस खिलाड़ी सभ के नियुक्ति–पत्र आ खेल छात्रवृत्ति लेल छह सय सैंतीस खिलाड़ी सभ के चयन–पत्र सौंपलनि। पटनाक ऊर्जा ऑडिटोरियम मे आयोजित कार्यक्रम मे भारतीय क्रिकेट टीमक तेज गेंदबाज आकाशदीप आओर मुकेश कुमार के पुलिस उपाधीक्षक आ एथलीट पीयूष राज के पुलिस अवर निरीक्षकक पद लेल नियुक्ति–पत्र देल गेल। संगहि, पाँच पैरा खिलाड़ी सहित कतेको खेल विधाक आनो–आन प्रतिभाशाली खेलाड़ी सभ के नियुक्ति–पत्र सौंपल गेल।

---

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी छब्बीस जुलाई कऽ आकाशवाणी सँ मन की बात कार्यक्रम मे देश आ विदेशक लोक सभक सँ अपन विचार साझा करतह। ई मासिक रेडियो कार्यक्रमक

एक सय छत्तीसम कड़ी होयत। कार्यक्रमक प्रसारण आकाशवाणी आ दूरदर्शनक सभ चैनल, एआईआर न्यूजक वेबसाइट आओर न्यूज ऑन एआईआर मोबाइल ऐप पर कयल जायत। बाद मे मैथिली भाषा मे एकर प्रसारण आकाशवाणीक दरभंगा केंद्र सँ कयल जायत। एहि प्रसारण के दोबारा राति आठ बजे सँ सेहो सुनल जा सकैत अछि।

———————————————————————

मानसूनक सक्रियता सँ प्रदेशक बेसी क्षेत्र थमि–थमि कऽ बरखा भऽ रहल अछि। आइ भिनसर पटना आ लऽग पासक क्षेत्र मे झमाझम बरखा भेल अछि। मौसम विभाग जनौलक अछि जे अगिला चौबीस घंटाक बिच राज्यक उत्तर–पश्चिम आ दक्षिण–पश्चिम भाग मे किछु ठाम तेज हवाक संग बरखा भऽ सकैत अछि।

———————————————————————

समाप्त